

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Kabudayaan téh enas-enasna mah minangka gawé mikir pikeun mertahankeun hirup. Ari prosés mekarna alam pikiran manusa téh dipangaruhan ku kaayaan alam jeung sosial di nu aya disabudeureun tempat dirina cicing. Patali jeung éta, tangtu unggal sélér, malah unggal daérah téh miboga kabudayaan séwang-séwang. Éta hal téh bisa katangén dina produk budaya anu dihasilkeunana, kayaning séni, basa, sastra, adat istiadat, jll.

Kecap kabudayaan téh asalna tina kecap *buddhayah*, nya éta bentuk jamak tina buddhi anu hartina budi atawa akal. Ku kituna kabudayaan bisa dihartikeun perkara anu aya hubunganana jeung akal. Dina basa Inggris kecap budaya téh asalna tina basa Latin nya éta *colere*, hartina ngolah taneuh atawa tatanén. Tina harti, *culture* nya éta sagala usaha manusa pikeun ngarobah alam. Sedengkeun kabudayaan salaku konsép, nya éta sakabéh cipta jeung karya manusa anu kudu dibiasakeun ku cara diajar saluyu jeung budi akal. Kabudayaan ogé bisa disawang salaku sakabéh pangaweruh manusa salaku mahluk sosial anu digunakeun pikeun ngarti jeung ngainterpretasi lingkungan sarta pangalaman salaku dadasar tina paripolahna. Kabudayaan dina hal ieu salaku mekanisme kontrol pikeun kalakuan jeung tindakan sosial manusa atawa pola paripolah manusa (Koentjaraningrat, 1985, kc. 9).

Sedengkeun nurutkeun Tylor (Sumpena, 2012, hal. 105) kabudayaan téh sakabéh hal nu ngawengku pangaweruh, kapercayaan, kasenian, moral, hukum jeung kamampuh-kamampuh liana sarta kabiasaan anu hasil dicangking ku manusa minangka anggota masarakat.

Unggal budaya anu lahir di masarakat téh tangtuna perlu dimumulé, malah perlu diwariskeun ka ungggal generasi sangkan éta produk téh tetep hirup tur jadi ciri has éta masarakat. Prosés ngawariskeun budaya anu sipatna turun-tumurun  
Tati Suryati, 2019

**TRADISI SÉRÉN TAUN GURU BUMI DI SINDANG BARANG KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA (Ulukan Sémiotik)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

anu jadi kabiasaan di éta masarakatna, satuluyna disebut tradisi. Tradisi ogé mangrupa kabiasaan atawa adat istiadat (Danadibrata, 2006, kc. 655).

Tapi teu sakabéh tradisi nu aya di masarakat salawasna bisa langsung diwariskeun tur ditarima ku generasi saterusna. Perlu ayana gawé bareng antara generasi saméméhna jeung generasi satuluyna pikeun prosés ngawariskeun éta tradisi. Ku ayana pitontonan-pitontonan, prak-prakan acara anu tuluy-tumuluy dilaksanakeun, pelatihan-pelatihan, jeung ayana tarékah ngarévitalisasi wangun upacara, jadi salah sahiji cara pikeun ngajaga sarta ngawariskeun tradisi.

Tapi anu dijaga jeung diwariskeun téh lain baé wangunna atawa prak-prakan tina upacara tradisi, ogé fungsi, kalungguhan, jeung ajén-inajén nu nyangkaruk dina éta tradisi gé perlu diwariskeun, perlu ditepikeun ka masarakat séjénna. Kegiatan nu saperti kitu téh satuluyna mah jadi idéntitas nu maneuh tina hiji masarakat atawa dina paélmuan tradisi mah disebutna kearifan lokal.

Sacara derivasional, istilah kearifan lokal (local wisdom) téh ngawengku dua kecap, nyaéta kearifan (wisdom) jeung lokal (local). Kecap “kearifan” hartina ‘kawijaksanaan’, sedengkeun kecap “lokal” hartina ‘setempat’. Ku kituna kearifan lokal (local wisdom) téh bisa dihartikeun minangka gagasan-gagasan jeung pangaweruh nu nyangkaruk di éta tempat, anu sipatna wijaksana, miboga ajén luhung adiguna, anu dipibanda, dijadikeun padika, jeung dilaksanakeun ku anggota masarakatna (Sibarani, 2012, kc. 112-113).

Sibarani (2012, kc. 112), nambahan deui yén, kearifan lokal téh minangka ajén budaya lokal anu bisa diamngpaatkeun pikeun ngatur hirupkumbuh masarakat sacara wijaksan. Kawijaksanaan atawa pangaweruh masarakat asli téh lahirna mah tina ajén linuhung tradisi karuhun (budaya) anu tuluy-tumuluy diwariskeun ka generasi satuluyna. Ajén budaya anu ngeunteungkeun ajén-ajén kahadéan jeung moral manusa téh diperlukeun pikeun ngalakonan peran-peran sosial, sangka masarakat téh bisa ngatur jeung ngajaga kahirupanana sarta bisa ngawangun masarakat nu masagi. Ku sabab éta keraifan lokal téh bisa dijadikeun salaku sumber penting dina ngawangun nonoman harepan bangsa anu miboga

**Tati Suryati, 2019**

**TRADISI SÉRÉN TAUN GURU BUMI DI SINDANG BARANG KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA (Ulikan Sémiotik)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

karakter. Pembetulan karakter hartina ngajarkeun kearifan lokal ka para nonoman (Sibarani 2012, kc. 92-93). Salasahijina nya éta ngaliwatan wagun tradisi Sérén Taun Guru Bumi, nu aya di masarakat Sindang Barang, Kabupaten Bogor.

Sérén Taun Guru Bumi, minangka tradisi pikeun ngébréhkeun rasa sukur kana hasil pepelakan di masarakat Sindang Barang. Ieu tradisi téh dilakonan unggal taun. Ari prak-prakanana mah lumangsung salila opat poé, dimimitian saban ahir Bulan Mangsa Bakti (bulan ka-12 kalénder Pajajaran) diitung opat poé saméméh bulan purnama jeung pamungkas dina poé peutingan bulan purnama atawa mangsa bagantina bulan ka-1 kalénder Pajajaran.

Ilaharna tradisi sérén taun di kampung adat umumna, tradisi Guru Bumi ogé ajangkeun rasa sukur ka Pangeran kana hasil tatanén utamana paré. Kitu deui dina ngungkarakeunanana ogé anu jadi puseur dina ieu tradisi téh nyaéta paré.

Nilik kana prak-prakanana mah tangtu ieu tradisi téh réa maksud, fungsi, jeung ajén-inajén anu nyangkaruk dijeronana. Éta ajén-inajén téh éstu mangpaat pikeun kahirupan masarakat, utamana dina dunya atikan. Dina dunya atikan réa cara pikeun ngawanohkeun ajén-inajén ngeunaan tradisi masarakat Sunda, hususna ngeunaan tradisi sérén taun nu hirup kénéh di masarakat. Salah sahijina nya éta ku cara pangajaran maca budaya di sakola.

Dina dunya atikan pangajaran maca budaya téh penting dilakukeun, ieu patalina jeung ngawanohkeun ogé pikeun nyangkem eusi katut ajén-inajén nu nyangkaruk dina produk budaya masarakat Sunda, husuna upacara sérén taun. Dina KIKD dibutkeun yén maca wacana budaya téh mangrupa salah sahiji bahan pangajaran anu dijadikeun pangajaran maca wacana di sakola, hususna pikeun siswa di SMA kelas XI. Éta kurikulum téh bisa dilarapkeun dina prak-prakan diajar-ngajar di kelas. Dina harti guru kudu bisa milih jeung nangtukeun bahan pangajaran téks bacaan wacana budaya, anu bisa ngirut atawa nambahan minat siswa kana pangajaran maca di sakola.

Tapi pikeun nepikeun ajén-inajén, perlu ditalaah heula eusi tina éta tradisi. Éta ajén-inajén téh bisa dipaluruh tina prak-prakan ritualna katut tanda-tanda anu

Tati Suryati, 2019

**TRADISI SÉRÉN TAUN GURU BUMI DI SINDANG BARANG KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA (Ulukan Sémiotik)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nyampak dina sapanjang tradisi Sérén Taun Guru Bumi. Éta tanda-tanda téh winangun paripolah jeung banda nu dipaké. Tapi pikeun maluruh éta hal, tangtu diperlukeun hiji pamarekan anu loyog pikeun digunakeun. Nilik kana éta mah, pamarekan sémiotik anu dipaké dina ieu panalungtikan. Demi élmu nu maluruh ngeunaan tanda nyaéta sémiotik. Ari sémiotik anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta sémmiotik beunang Carles S. Pierce.

Kaitung réa anu ngulik tradisi sérén taun téh, di antarana béa; Fungsi Simbol dina Upacara Salametan Solok Cobleng di Kampung Cirateun Kacamatan Sukasari Kodya Bandung (Ganjar Anoeagrah, 2008); Nu Nyampak dina Upacara Adat Sérén Taun di Désa Sirna Resmi Kecamatan Ciselok Kabupaten Sukabumi (Nuning Restiani Winarti, 2010); Fungsi Ajén palsapah dina Upacara Tradisi Ruatan Bumi di Kampung Banceuy Kecamatan Ciater Kabupaten Subang (Virida Sufia Haetami, 2011); jeung Ajén Palsapah dina Upacara Tradisi Nyuguh di Kampung Kuta Désa Karangpaningal Kacamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA (Ari Firman Bustomi, 2011).

Salian ti éta, aya ogé panalungtikan dina wangun di antarana, nyaéta: Kajian Profil Kearifan Lokal Masyarakat Pesisir Pulau Gili Kecamatan Sumberasih Kabupaten Probolinggo Jawa Timur (Hagi Primadasa, Edi Susilo, & Mimit Primyastanto, 2013). Dimuat dina Jurnal ECSOFiM Vol. 1 No. 1, 2013; jeung Komodifikasi Upacara Tradisional Seren Taun dalam Pembentukan Identitas Komunitas (Untung Prasetyo. U, & Sarwitit Sarwoprasodjo, 2011). Dimuat dina Jurnal Transdisiplin Sosiologi, Komunikasi, dan Ekologi Manusia | Agustus 2011, hlm. 173-196.

Nilik kana pasualan di luhur, bawirasa perlu diayakeunana panalungtikan kana tradisi séjénna, hususna tradisi Sérén Taun. Lantaran éta, panyusun méré judul kana ieu panalungtikan téh "Tradisi Sérén Taun Guru Bumi di Sindang Barang Kabupaten Bogor pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan Budaya Di SMA (Ulukan Sémiotik)."

Tati Suryati, 2019

**TRADISI SÉRÉN TAUN GURU BUMI DI SINDANG BARANG KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA (Ulukan Sémiotik)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Panalungtikan**

### **1.2.1 Watesan Panalungtikan**

Sangkan teu lega teuing ieu panalungtikan téh bakal diwatesan ukur maluruh struktur (wangun jeung prakprakan), unsur sémiotik anu nyangkaruk dina tradisi sérén taun Guru Bumi di Sindang Barang, jeung saperti kumaha larapna hasil ieu panalungtikan kana bahan pangajaran maca bahasan budaya di SMA.

### **1.2.2 Rumusan Panalungtikan**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha wangun jeung prakprakan tradisi Sérén Taun Guru Bumi?
- 2) Unsur sémiotik naon waé nu nyangkaruk dina tradisi Sérén Taun Guru Bumi?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan kana bahan pangajaran maca bahasan budaya Sunda di SMA?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Wangun jeung prakprakan tradisi Sérén Taun Guru Bumi;
- 2) Unsur sémiotik nu nyangkaruk dina tradisi Sérén Taun Guru Bumi; jeung
- 3) Larapna hasil panalungtikan kana bahan pangajaran maca bahasan budaya Sunda di SMA.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun widang paélmaan antropologi budaya. Utamana pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan tradisi sérén taun nu hirup di sawatara masarakat nu aya di tatar Sunda, hususna di Kabupaten Bogor.

Tati Suryati, 2019

*TRADISI SÉRÉN TAUN GURU BUMI DI SINDANG BARANG KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA (Ulukan Sémiotik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Lian ti mangpaat tioritis, mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) pikeun lembaga, bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan tradisi Sunda tur jadi dokuméntasi dina kamekaran kabudayaan Sunda;
- 2) pikeun nu nalungtik, bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan; jeung
- 3) pikeun masarakat, bisa ngaraksa jeung ngariksa tradisi nu aya di sakuliah tatar Sunda.

### 1.5 Raraga Nyusun Tésis

Raraga dina nyusun ieu tésis ngawengku lima bab, nyaéta: Bab I bubuka; medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nyusun tésis. Bab II ngeunaan ulikan pustaka anu ngawengku; tradisi jeung kearifan lokal, sérén taun guru bumi, sémiotik, jeung bahan ajar. Salian ti éta, dina ieu bab, dipedar ogé ngeunaan panalungtikan-panalungtikan saméméhna jeung saperti kumaha kalungguhan tiorina. Bab III ngeunaan métode panalungtikan anu eusina; desain panalungtikan, instrumen panalungtikan, data jeung sumber data, jeung analisis data. Bab IV ngadéskripsikeun hasil jeung pedaran panalungtikan. Bab V ngeunaan kacindekan jeung rékomendasi tina hasil panalungtikan katut saran ti panalungtik.

Tati Suryati, 2019

*TRADISI SÉRÉN TAUN GURU BUMI DI SINDANG BARANG KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA (Ulikan Sémiotik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu